

Telefòn pou fanm ki pale franse ka-p sibi vyolans an Ontaryo se: **1-877-336-2433** bay sèvis 24 sou 24. TTY: **1-866-860-7082**.

Yo bay sèvis la de fason konfidansyèl e anonym e liy telefòn lan gratis sa pap parèt sou fakti telefòn ou.

**Disponib an Fransé e lan lòt lang**

Finanse pa Gouvèlman Onrario

Pou plis enfòmasyon sou sèvis pou fanm ki sibi vyolans vizite: [www.briserlesilence.ca](http://www.briserlesilence.ca)

Pou plis enfòmasyon sou kanpay Vwazen, Zanmi ak Fanmi vizite: [www.voisinsamisetfamilles.on.ca](http://www.voisinsamisetfamilles.on.ca)

**Si ou santi-w pè pou sekirite-w rele lapolis.**

*Vwazen,  
Zanmi  
ak Fanmi*

*Men yon Plan  
Sekirite pou  
Fanm k-ap  
sibi vyolans*

CRÉOLE



*Bati Yon Plan pou sekirite-w se premye priyorite. Men kèk konsèy pou-w bati yon plan sekirite pou ou proteje tèt ou:*

- 1** Pale de sa ak yon moun ke ou fè Konfyans.
- 2** Rasanble tout dokiman enpòtan ke ou genyen tankou: kat didantite, kanè bank, papye byen fanmi an, papye kay achte ou lwe, kanè adres, medikaman, kob ak kat kredi ou yo.
- 3** Mete ansanm foto, bijou e tout bagay ki gen valè santimantal enpòtan. pran tou tout jouèt ak tout lot bèbèl ti moun yo.
- 4** Pote sou ou yon foto gason vyolan an ak foto pitit ou yo.
- 5** Kontakte kay refij pou fanm ou byen la polis. Mande pou yon polis ki espesyalize lan koze fanm ki sibi vyolans. Li kapab ede- w fè yon bon plan sekirite.
- 6** Chache yon avoka. Konsève tout prèv abi fizik ke ou sibi ( tankou foto). Kenbe yon jounal de tout ensidan vyolan, ekri dat, evènman yo, menas, ak non temwen yo.
- 7** Asire- w ke lekòl ou byen gadri ti moun yo konnen sitiasyon-an e ke yo gen yon kopi tout dokiman ki nesèsè sou sa.
- 8** Pa di gason vyolan an ke w-ap kite kay la. Kite- l vit san avètisman.
- 9** Pa tounen lan kay la, sof si lapolis akonpanye-w.
- 10** Pa janm antre nan konfrontasyon ak gason vyolan an.